


**BAPTIST HEALTH
MANYÈL RÈGLEMAN AK PWOSEDI**

No.3.14

Seksyon: FINANSMAN Swen pou Pasyan	Sijè: RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE NAN LOPITAL LA	
Dat Orijinal: Oktòb 1998	Ranplase:	Dat Efektif: 1 oktòb 2017
Dat Revizyon: 1 jen 2022	Kad Jeneral:	
Apwouye:	 /Scott Finnegan, SVP & CTO	

I. RÈGLEMAN

Dapre filozofi, misyon ak valè fondamantal Baptist Health, se règleman nou pou bay Swen Medikal ki Nesesè pou tout pasyan kèlkeswa resous finansye yo. Règleman sa a aplike sèlman pou Lopital Baptist Health yo ak founisè ki nan lis nan Dokiman Siplemantè A a. Règleman sa a pa aplike pou founisè ki nan lis ki nan Dokiman Siplemantè B a oswa pou nenpòt pwozedi elektif oswa lòt pwozedi ki pa konsidere kòm yon Swen Medikal ki Nesesè.

II. OBJEKTIF

Pou bay soulajman finansye a pasyan ki satisfè kritè espesifye asistans finansye a dapre Gid Federal Povrete yo ki nan lis nan Dokiman Siplemantè C epi ki defini nan règleman sa a nan yon fason ki konsistan avèk egzijans Seksyon 501 (r) nan Kòd Revni Entèn nan.

III. DEFINISYON

AHCA: Ajans pou Jesyon Swen Sante Florida

Kantite Lajan ki Faktiire Jeneralman (“AGB”): Kantite lajan an mwayèn tout reklamasyon Medicare ak konpayi asirans swen sante komèsyal yo otorize pou Swen Medikal ki Nesesè sou yon peryòd douz (12) mwa ki pase a. AGB a pral mete ajou chak ane nan 120 jou ki swiv dènye jou a ki enkli nan kalkil yo pou ane anvan an.

Pousantaj Kantite Lajan ki Faktiire Jeneralman (“AGB%”): AGB a divize pa chaj global pasyan yo pou tout reklamasyon sou yon peryòd douz (12) mwa ki pase yo, Medicare ak konpayi asirans swen sante komèsyal yo te peye.

Aplikasyon: Aplikasyon pou Asistans Finansye a, ki gen ladan yon vèsyon sou entènèt ak yon vèsyon sou papye. Ou ka jwenn yon kopi vèsyon sou papye a nan Dokiman Siplemantè D ak sou sit entènèt Baptist Health nan <https://www.baptistjax.com/patient-info/financial-assistance>.

Lopital Baptist Health yo: Tout lopital Baptist Health ki bay swen kritik (Baptist Medical Center Beaches, Baptist Medical Center Jacksonville, Baptist Medical Center Nassau, Baptist Medical Center South and Wolfson Children's Hospital), ki gen ladan depatman pou pasyan ekstèn yo ak sant ijans endependan yo (Baptist Emergency at Clay, Baptist Emergency at North, Baptist Emergency Center

Oakleaf and Baptist Emergency at Town Center).

Asistans Finansye: Pòsyon nan bòdwo yon pasyan ke pasyan an pa responsab akòz enkapasite pou li peye jan kritè asistans finansye yo ki dekri nan règleman sa a detèmine l.

EMTALA: Règleman yo Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid te adopte dapre Lwa 1986 sou Tretman Medikal Ijans ak Travay.

Byen Diskresyonè Anplis: Valè aktyèl sou mache a epay, envestisman ak pwopriyete ki pa rezidans prensipal ki plis pase \$75,000 genyen. Li pa gen ladann byen ki te fèt nan plan pansyon ki kalifye, plan 401 (k), plan 403 (b) ak lòt plan pou pran retrèt ki kalifye.

Revni Fanmi Anplis: 50% nan revni anyèl fanmi an plis pase 200% Nivo Povrete Federal la.

Swen Medikal Ijan: Swen sante yon Lopital Baptist Health bay pasyan ki gen yon Kondisyon Medikal Ijan

Kondisyon Medikal Ijan: Yon kondisyon swen sante ki manifeste tèt li ak sentòm kritik ki ase grave, ki ka gen ladan doulè grav, ki nan yon nivo kote si pa gen atansyon medikal touswit sa kapab lakoz yon danje grav nan sante pasyan an, ki gen ladan yon famm ansent. oswa fetis la, twoub grav pou fonksyon kò a oswa malfonksyonman grav nenpòt ògàn oswa pati kòporèl la. Definisyon sa a gen ladan yon famm ansent ki gen kontraksyon si pa gen ase tan pou yo fè yon transfè an sekirite nan yon lòt lopital anvan akouchman an oswa yon transfè ka poze yon menas pou sante ak sekirite pasyan an oswa fetis la, oswa gen prèv ki montre kontraksyon matris la komanse epi l ap fèt ak pèsistans oswa manbràn yo kase (kase lèzo).

Aksyon Ekstraordinè pou Kolekte Dèt: Aksyon yon founisè swen medikal pran kont yon moun ki enplike (i) vann dèt moun nan bay yon twazyèm pati, (ii) rapòt enfòmasyon negatif sou moun nan bay ajans ki fè rapò kredi sou konsomatè oswa bay biwo kredi, (iii) rapòt oswa refize Swen Nesèsè Medikalman anvan peman, oswa akòz, dèt yon moun pa peye pou swen li te deja resevwa, ak (iv) pwosesis legal oswa jidisyè (eksepte reklamasyon fayit ak lwa eta a ki gen rapò ak yon jijman aksidan pèsonèl, règleman oswa konpwomi).

Yon Aksyon Ekstraordinè pou Kolekte Dèt (ECA) pa gen ladann okenn: aranjman, jijman, oswa konpwomi ki fèt apre yon pwosè yon pasyan kont yon twazyèm pati ki te lakòz blesi pasyan an te fet akòz twazyèm pati a, li pa soti nan pasyan an ki blese a, kidonk obligasyon lopital la pou jwenn montan sa yo pa ta dwe konsidere kòm aksyon pou kolekte dèt kont pasyan an. Anplis, pòsyon lajan yon jijman, aranjman, oswa konpwomi akòz lalwa eta a pou swen ke yon etablisman lopital te bay ka konsidere kòm yon konpansasyon pou swen sa yo.

Nivo Povrete Federal ("FPL"): yon mezi revni Depatman Sante ak Sèvis Imen pibliye chak ane ki itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèten pwogram ak benefis. Yon tablo FPL disponib nan Dokiman Siplementè C.

Frè yo Chaje Pasyan an Total: Kantite lajan Baptist faktire pou sèvis yo bay anvan yo aplike nenpòt kontra, ajisteman, oswa rabè.

Rezulta Prediksyon Swen Medikal ("HPS"): Rezulta Prediksyon Swen Medikal Ajans Kredi ki nan 20 oswa mwens (tandans ba pou peye); Rezulta Prediksyon Swen Medikal Ajans Kredi ki nan 21-350 (tandans mwayen pou peye) ak yon minimòm de \$5,000 nan koleksyon dèt aktif ki pa peye yo, ki pa enkli kont la yo te revize a, oswa kèlkeswa Rezulta Prediksyon Swen Medikal Ajans Kredi, koleksyon move dèt aktif ki vo \$20,000 oswa plis.

Defansè Finansye pou Pasyan an: Yon anplwaye ki gen pouvwa pou aksepte ak evalye yon Aplikasyon pou Asistans Finansye.

Swen ki Nesesè Medikalman: Swen medikal oswa lòt swen paramedkkal, byen, oswa sèvis ki te bay oswa yo te mande ki satisfè kondisyon sa yo: (i) Yo nesesè pou pwoteje lavi, pou anpeche yon maladi enpòtan oswa yon andikap siyifikatif, pou soulaje gwo doulè oswa pou evalye pi byen yon pasyan pou detémine yon desizyon pou egzeyate san danje; (ii) Yo pèsònèl, espesifik, epi ki konsistan avèk sentòm oswa dyagnostik konfime sou maladi a oswa aksidan an ki anba tretman, epi ki pa depase bezwen pasyan an; (iii) Yo konfòm ak estanda medikal pwofesyonèl yo aksepte jeneralman jan pwogram Medicaid la detémine sa, epi ki pa eksperimentyal oswa ki pa mande envestigasyon; (iv) Yo reflete nivo sèvis ki ka bay san danje, epi kote pa gen okenn tretman ki pi efikas, ak pi konsèvativ oswa mwens chè ki disponib nan tout eta a; ak (v) Yo bay nan yon fason ki pa prensipalman gen entansyon pou konvenyans moun k ap resevwa sin an, moun k ap pran swen resevwa moun k ap resevwa swen an, oswa founisè a. Swen yo bay nan yon lopital sou yon baz pasyan ki entène pa nesesè medikalman si, annakò avèk dispozisyon ki nan swen medikal ki apwopriye, li kapab bay efikasman plis ekonomikman sou yon baz pasyan ekstèn oswa nan yon lòt kalite etablisman pou pasyan ki entène. Paske yon founisè te preskri, rekòmande, oswa apwouve swen medikal oswa paramedikal, byen, oswa sèvis, sa pa kapab, fè swen sa yo oswa byen oswa sèvis sa yo nesesè medikalman.

Peman pa Moso: Yon aranjman peman ki pèmèt yon pasyan oswa yon garantè pou bòdwo medikal sou yon peryòd tan yo tonbe dakò li.

IV. PWOSEDI

A. IDANTIFIKASYON/EGZAMINASYON

Evalyasyon nesesite pou resevwa swen medikal pral baze sou evalyasyon klinik. Lè yon moun prezante nan Sal Ijans lan oswa nan ka yo kote gen yon Kondisyon Medikal Ijan posib ki egziste, Lopital Baptist Health yo pral bay tretman dijans pou tout pasyan k ap chèche swen sa yo, kèlkeswa kapasite yo pou peye dapre egzijans EMTALA a. An konsekans, evalyasyon finansye Baptist Health la ta dwe fèt sèlman apre yo fin fè evalyasyon medikal apwopriye epi yo bay swen yo dwe bay yo.

Lè yo mande sèvis ki pa ijan, yon evalyasyon finansye ta dwe fèt anvan yo bay swen an chak fwa sa posib. Apre evalyasyon klinik ak/oswa finansye a, yo ka refere moun yo bay pwogram altènativ apwopriye pou sèvis yo. Si yon pasyan refize chèche swen nan etablisman ki apwopriye a, yo ka refize l asistans finansye. Anplis de sa, si yon pasyan kontinye vini nan Sal Ijans pou sèvis ki klè ki pa ijan, yo pral egzaminen pasyan an jan EMTALA mande sa, men yo ka refize l Asistans Finansye.

Rekòmandasyon pou detèminasyon asistans finansye prensipalman kòmanse oswa idantifye pa byè Defansè Finansye pou Pasyan yo ak reprezantan yo ki nan Sèvis Finansye Pasyan yo, Sèvis Aksè pou Pasyan yo ak Depatman Sosyal Sèvis la. Lòt anplwaye Baptist Health yo, doktè yo, oswa manm kominote yo ka kòmanse oswa idantifye referans yo. Anplis de sa, tout deklarasyon ki konsènen pasyan yo bay pou enfòme pasyan yo sou disponiblite asistans finansye ak ki jan pou aplike pou asistans anba Règleman Asistans Finansye Lopital Baptist Health la.

Yon Defansè Finansye pou Pasyan oswa yon reprezantan Sèvis Finansye Pasyan pral evalye pasyan ki kalifye pou asistans finansye a pou asistans nan federal, eta, konte ak lòt pwogram sèvis sosyal. Reprezantan Defansè Finansye pou Pasyan/Sèvis Finansye Pasyan ap travay an kolaborasyon avèk lòt manm swen sante pou eksploré resous finansye altènativ pou pasyan yo.

B. KALIFIKASYON POU ASISTANS FINANSYE

Règleman sa a ak enfòmasyon pou kontakte Defansè Finansye pou Pasyan yo pibliye nan sit entènèt Baptist Health nan <https://www.baptistjax.com/patient-info/financial-assistance>.

Revni fanmi ak, nan kèk ka, byen diskresyonè yo se kritè prensipal la nan kalifikasyon pou asistans finansye a. Pou pasyan ki gen revni fanmi ki egal ak oswa mwens pase 200% nan Nivo Povrete Federal la, ki nan Dokiman Siplementè C a, kantite lajan ki kalifye pou asistans finansye egal ak balans pasyan an responsab la. Pou pasyan ki gen revni fanmi ki pi gran pase 200% nan FPL la, kantite lajan ki kalifye pou asistans finansye egal a balans pasyan an responsab la mwens Byen Anplis Diskresyonè ak Revni Fanmi Anyèl Anplis lan. Byen Diskresyonè Anplis yo gen ladan yo valè sou mache a ekonomi, envestisman yo, ak pwopriyete ki pa kay rezidans prensipal ki pi wo pase \$75,000 genyen. Revni Fanmi Anyèl Anplis egal 50% nan revni anyèl fanmi an pi wo pase 200% nan FPL la. Pasyan ki kalifye pou asistans finansye ki gen yon pati nan pri a pou yo peye pral benefisyè yon rabè sou yon pati nan pri a. Nan okenn moman yo pa dwe chaje yon pasyan plis pase AGB% a pou Swen Medikal ki Nesesè, ladan li Swen Medikal Inan. Yo bay eksplikasyon kalkll ki fêt pou rive nan AGB% a nan Dokiman Siplementè E.

An jeneral balans pasyan an responsab la soti nan yon sèl vizit pou swen. Men, balans pasyan an responsab la ki poko peye pou sèvis yo bay ki pa depase 12 mwa apre dat aplikasyon pou Asistans Finansye ap kalifye pou konsiderasyon pou asistans finansye. Nan limit lalwa egzije sa, yon pasyan ki kalifye pou Asistans Finansye ap resevwa yon ranbousman pou nenpòt peman li te fè ki depase kantite lajan an ki te deside li responsab pou l peye dapre Règleman Asistans Finansye a. Men, si gen nenpòt endikasyon ke estati finansye yon pasyan chanje, y ap kapab mete enfòmasyon an ajou kèlkeswa dat la nan dènye aplikasyon an, ki ka afekte elijiblite yon morn pou asistans finansye .

Pasyan Medicaid yo, lè yo finn jwenn benefis yo, yo pral kalifye otomatikman pou alokasyon asistans finansye a toutotan yo rete kalifye pou Medicaid. Kantite kontribisyon yon pasyan Medicaid anba dispozisyon moun ki gen Bezwén Medikal nan pwogram Medicaid la pral kalifye pou konsiderasyon pou asistans finansye.

C. PWOSEDI POU APLIKE AK DOKIMANTASYON

Nenpòt moun ki kwè li kapab kalifye pou Asistans Finansye pou Swen Medikal ki Nesesè ka ranpli yon Aplikasyon pou Asistans Finansye, yo ka jwenn nan Dokiman Siplementè D, nan sit entènèt Baptist Health la nan <https://www.baptistjax.com/patient-info/financial-assistance>, oswa moun nan ka pote l nan chak lopital san peye. Aplikasyon an kapab soumèt nan nenpòt ki lè, men ta dwe sèlman aplike sou balans pou sèvis yo te bay pa plis pase 12 mwa apre dat la yo te soumèt aplikasyon an. Yon fwa yon Aplikasyon ekspire, yon nouvo aplikasyon dwe ranpli pou kapab kenbe kalifikasyon an pou Asistans Finansye a. Aplikasyon sou papye ak elektwonik disponib. Nou ankouraje aplikan yo pou itilize Defansè Finansye pou Paysan yo pou ede yo nan lide pou yo kapab bay yon fòma konsistan pou dokimante desizyon pou Asistans Finansye a. Garanti/ aplikan an ak Defansè Finansye pou Pasyan an dwe siyen aplikasyon an. Ou ka jwenn Defansè Finansye pou Pasyan an nan nimewo telefon (904) 202-2092. Nenpòt moun ki bezwen asistans nan yon lòt lang, ka rele nan (904) 202-2435.

Aplikan an responsab pou ranpli tout Aplikasyon an nèt ak bay dokiman pou itilize pou detèmine kalifikasyon pou Asistans Finansye a. Anplis de Aplikasyon an, dokiman awopriye dwe gen ladan yo youn oswa plis nan bagay sa yo:

1. Fòm pou dediksyon W-2 a;
2. Souch chèk peman;
3. Deklarasyon Enpo;
4. Deklarasyon Pwofi ak Pèt ki sòti nan yon biznis yon travayè endepandan;
5. Fòm pou apwouve oswa refize chomaj oswa konpansasyon travayè;
6. Verifikasiyon salè alekri nan men yon anplwayè;
7. Verifikasiyon alekri nan men ajans byennèt publik oswa nenpòt ki ajans gouvènman ki ka prove estati revni pasyan an pou douz (12) mwa ki sot pase yo;

8. Yon bon transfè Medicaid ki rmontré benefis Medicaid pasyan an pou ane fiskal Medicaid la te fin itilize (Frè ki aplikab pou Hill-Burton ak ajisteman pou kontra pa ta dwe reklame kòm Asistans Finansye);
9. Prèv se yon endijan bò kote yon lòt founisè swen, tankou WeCare, Gift of Sight, ak Vision is Priceless;
10. Prèv estati etidyan a plen tan nan biwo admisyón nan kolèj;
11. Prèv ke yo aksepte nan yon pwogram ki se yonn nan patisipan yo, tankou Patrons of the Heart, Solace for the Children, elatriye, oswa nenpòt lòt pwogram entènasyonal nan men prezidan lopital la oswa reprezantan li; (Pasyan sa yo, yo pral konsidere yo tankou charite entènasyonal epi ajiste yo nan kòd ki apwopriye a); ak
12. Afidavi Sipò (byen ranpli)

Eksepsyón pou pa pote dokiman sipò yo baze sou diskresyon total Baptist Health. Nan sitiyasyon sa yo y ap itilize enfòmasyon finansye ki nan lis nan Aplikasyon an.

Nan tout ka yo, si yon Aplikasyon pat konplete, men pasyan an te konplete epi siyen yon Afidavi pou Sipò, ki ka jwenn nan Dokiman Siplemantè D ("Afidavi la"), li pral itilize pou detèmine kalifikasyon pou Asistans Finansye sou baz pa gen okenn dokiman sipò ki kontradiktwa .

Si apre 3 tantativ Baptist Health pa kapab jwenn swa yon Aplikasyon konplè oswa yon Afidavi konplè, yo pral sèvi avèk Rezulta Prediktè Swen Sante a pou egzamine dosye pasyan an pou asistans finansye; men 1 ap fèt sou baz, ke Baptist Health pa pral fè egzaminasyon HPS la pou nenpòt ki pasyan ki gen plan asirans¹ ki pa fè kontra ak lopital Baptist Health la li menm pou li ta rantre "nan-rezo" a ("Pasyan ki Pa nan rezo"). Pasyan yo ki pa nan Rezo a yo dwe soumèt yon aplikasyon konplè oswa yon afidavi konplè pou yo kapab kalifye pou konsidérasyon pou Asistans Finansye anba Règleman sa a.

Moun ki jwenn refi pou Asistans Finansye a ka mande pou revize desizyon an lè yo voye yon demann pou rekonsidérasyon nan trant (30) jou apre dat desizyon an nan adrès sa a: Baptist Health, P.O. Box 45094, Jacksonville, FL 32232, Attn: Defansè pou Asistans Finansye. Nivo Apwobasyon ki baze sou revni ak byen yo tabli sou baz règleman epi yo pa kalifye pou rekonsidérasyon. Move kalkil oswa move aplikasyon nan kritè yo oswa mankman san fè ekspre oswa erè nan ranpli aplikasyon an pral revize pou detèmine si koreksyon nan erè sa yo ta bay yon rezulta diferan pou kalifikasyon an oswa pou nivo asistans finansye a.

D. KATEGORI CHARITE YO

Asistans Finansye Debaz: Revni Fanmi Total <200% nan Nivo Povrete Federal la (FPL)

Asistans Finansye an Pati: Revni total fanmi an > 200% FPL a men <400% FPL ak balans pasyan an dwe apre kompansasyon byen yo se > 50% revni total fanmi an

Asistans Finansye pou Katastwòf: Total revni fanmi an > 400% FPL a epi balans pasyan an dwe apre kompansasyon byen li se > 50% nan revni total fanmi an

Konsidérasyon Espesyal: Sikorans moun pa kontwole ka sipòte yon alokasyon pou asistans finansye ki pat prevwa nan kritè elijibilite jeneral yo nan règleman sa a. Sikorans sa yo ka gen ladan yo lòt obligasyon finansye enpòtan oswa bezwen medikal nan lavni moun ka espere. Tout konsidérasyon espesyal sa yo mande apwobasyon Vis Prezidan Sik Revni a, Vis Prezidan Finans, oswa Ofisyé an Chèf Finans la CFO.

¹ Depatman Jesyon Swen an pral bay Depatman Sèvis Finans Pasyan yo chak trimès, oswa lè gen chanjman ki fèt, yon lis plan asirans sa yo ki pa gen kontra nan moman sa a avèk yon Lopital Baptist Health tankou yo'nan-rezo' a.

E. PRATIK FAKTI AK KOLEKTE DÈT

Bòdwò Pasyan

Yo voye bòdwò yo chak 30 jou epi pasyan yo pral resevwa 4 bòdwò sof si yo te peye tout chaj la, yo te rele epi yo te fè aranjman finansye, yo te apwouve pou Asistans Finansye, oswa bòdwò yo klase kòm lèt lapòs retounen. Si aranjman finansye yo te fèt epi yo te mete pasyan an nan plan Peye pa Moso a, kont yo transfere bay pèseptè apwopriye Peye pa Moso a. Pasyan yo ap kontinye resevwa bòdwò chak mwa jiskaske yo peye kont lan nèt. Si pasyan an rate plan Peye pa Moso a, kont lan ap tounen yon kont tipik kote li peye pwòp tèt li. Enfòmasyon sou ki jan pou aplike pou Asistans Finansye ak nimewo telefòn moun nan ki responsab pou akselere rezolisyon an pou nenpòt ki dispit bòdwò dwe parèt klè sou tout deklarasyon. Yon kopi Rezime a nan Langaj Òdinè tout moun konprann ki eksplike gen Asistans Finansye ki disponib, pral jwenn pasyan an tou pa lapòs ak yon avi 30 jou anvan yo voye kont lan nan koleksyon yo.

Pwosedi Koleksyon

Kolektè oto peman yo jere kont ki pa nan plan Peye pa Moso a epi ki gen responsablite otopeman an. Tout pasyan yo resevwa, swa dirèkteman oswa endirèkteman (pa byvè gadyen, garanti oswa avoka), yon konbinezon 4 bòdwò ak 2 apèl telefòn otomatik. Yon kolektè ki pèmèt ou peye pou kont ou ap fè apèl anplis yo baze sou kantite lajan nan kont lan. Pa gen Aksyon Koleksyon Ekstraodinè yo pral pran kont moun ki te apwouve pou (oswa gen yon aplikasyon annatant pou) Asistans Finansye. Yo ka kòmanse voye rapò nan yon ajans kredi kont moun ki pat apwouve pou (oswa pa gen yon aplikasyon annatant pou) Asistans Finansye pa pi bonè pase 240 tyèm jou apre dat premye bòdwò apre egzeyat la ak omwens 30 jou apre Baptist Health oswa ajan li yo bay moun nan yon avi alekri sou dat limit pou rapò yo kòmanse.

Si yon kont pa te peye nèt apre yo te voye tout bòdwò yo epi moun nan pa te apwouve pou Asistans Finansye (epi efò rezonab te fèt pou detèmine si moun nan te kalifye pou asistans sa a), yo pral voye kont lan nan yon ajans koleksyon prensipal. Kont la ap rete ak ajans prensipal la pou 120 jou. Si pa gen okenn aranjman pou peman ki te fèt oswa si peman regilye pa fèt bay ajans la, kont lan ap fèmen epi retounen nan Baptist Health. Kont ki transfere bay yon pèseptè prensipal pa rapòte bay biwo kredi a.

Yon fwa yo fèmen kont lan epi li retounen nan ajans prensipal la epi li toujou gen yon balans ki rete, yo pral refere kont la bay yon dezyèm ajans pou yon peryòd 365 jou. Yo rapòte bay biwo a kredi kont yo voye nan yon dezyèm ajans. Apre 365 jou nenpòt ki kont ki toujou gen yon balans epi yo pa nan yon plan peman ap fèmen epi retounen nan Baptist Health. Balans yo ap rete nan dosye biwo kredi a.

F. PIBLIKASYON RÈGLEMAN SA A

Moun yo kapab jwenn san yo pa peye yon kopi alekri règleman sa a, yon rezime li nan lang òdinè ke tout moun konprann, Aplikasyon an, ak pwosedi a pou kalkile rabè ak pou detèmine si yo kalifye lè yo vizite sit entènèt Baptist Health nan <https://www.baptistjax.com/patient-info/financial-assistance> oswa lè yo soumèt yon demann alekri nan Baptist Health P.O. Box 45094, Jacksonville, FL 32232, Attn: Defansè pou Asistans Finansye. Dokiman sa yo pral disponib nan divès lang diferan sou baz mwens pase 5% nan kominate lopital la oswa 1,000 jan lalwa oswa politik Baptist Health egzije l. Règleman sa a ak rezime nan lang òdinè tout moun konprann dwe disponib sou sit entènèt Baptist Health la ak nan sal ijans Lopital Baptist Health yo, biwo admisyon yo, ak lòt pwen triyaj yo. Baptist Health ap adopte mezi yo pou notifye ak enfòme rezidan yo nan Nòdès Florid sou Règleman sa a jan lalwa eta a ak lwa federal egzije SA.

REFERANS YO

- A. **Dokiman siplemantè A** – Founisè ki kouvri pa Règleman sou Asistans Finansye a
- B. **Dokiman siplemantè B** – Founisè ki pa kouvri pa Règleman sou Asistans Finansye a
- C. **Dokiman siplemantè C** – Gid Fereal pou Povrete
- D. **Dokiman siplemantè D** – Aplikasyon pou Asistans Finansye
- E. **Dokiman siplemantè E** – Kalkil AGB%

LIS FOUNISÈ YO KI GARANTI ANBA RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE A

Dapre Reg. Sec. 1.504(r)-4(b)(1)(iii)(F) ak Avi 2015-46 a, lis sa a espesifye ki founisè ki bay swen ijans ak swen medikal nesesè nan lokal lopital la ki kouvri nan Pwogram Asistans Finansye (FAP) a. Pwosedi ochwa ak lòt swen ki pa swen ijans oswa ki pa nesesè pou rezon medikal pa kouvri anba FAP a pou nenpòt ki founisè.

Sant Medikal Batis nan Beaches, Inc.

Sant Medikal Batis nan Nassau, Inc.

Lopital Batis Sid Florid, Inc.

d/b/a: Sant Medikal Batis Jacksonville

Sant Medikal Batis Sid

Sant Ijans Batis Clay

Sant Ijans Batis Nò

Sant Ijans Batis Town Center

Sant Ijans Batis Oakleaf

Lopital pou Timoun Wolfson

Lopital Batis pou Sante Mantal

LIS FOUNISÈ KI PA KOUVRI ANBA RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE A

Onkoloji 21st Century Jacksonville
 Sant pou Kansè Ackerman
 Espesyalis pou Alèji ak Opresyon nan Nò Florid
 Anestezi Amelia
 Medsin Entèn Amelia
 Sant pou Kè & Vaskilè Ashchi
 Doktè pou Granmoun ka Byen Pòtan Batis
 Kadyoloji Batis
 Espesyalis Batis pou Zye Nen Gòj
 Klinik Medikal Baptist (Baptist Health Clinic)
 Klinik Batis Doktè pou Kansè MD Anderson
 Newoloji Batis
 Obstetrik ak Jinekoloji Batis
 Premye Swen Batis
 Espesyalis pou Poumon Batis
 Doktè pou Granmoun ka Byen Pòtan Batis
 Doulè Rimatis Batis
 Iwoloji Batis
 Klinik Fanmi pou Zye Nen Gòj Bartram Park
 Sant pou Zye Nen Gòj Beaches
 Klinik Borlang Groover
 Espesyalis Kansè nan Nò Florid
 Asosye pou Chiriji Kadyotorasik & Vaskilè
 Gwoup Pedyatri Carithers
 Klinik pou Maladi nan Ren
 Konsiltan pou Maladi Dijestif
 Doktè Mori, Bean ak Brooks
 Gwoup Resous pou Ijans
 Edward D. Tribuzio, MD

Obstetrik & Jinekoloji FABEN
 Espesyalis Alèji ak Opresyon pou Fanmi
 Sant Medikal pou Fanmi
 Enstiti Kadyovaskilè First Coast
 Asosye pou Anestezi Florid
 Gwoup Medikal Entèn
 Dèmatoloji Entrakostal
 Enstiti pou Jere Doulè
 Anestezi Jacksonville
 Gwoup Plizyè Espesyalite Jacksonville
 Enstiti Òtopedik Jacksonville
 Pedyatri Jacksonville
 Asosye pou Pedyatri Jacksonville
 Lyerly Batis
 Klinik Iwolojik McIver
 Nemours Swen Espesyalize pou Timoun
 Asosye pou Nefroloji nan NE Florid
 Asosye pou OB/GYN nan Nò Florid
 Chirijyen nan Nò Florid
 Asosye pou Pwooblèm Pye
 Konsiltan Rejyonal pou Obstetrik
 Espesyalis pou Anestezi & Kolòn Vètebral nan Sidès
 Asosye pou Patoloji Southeastern
 Espesyalis pou Retin nan Sidès
 Pedyatri St. John
 Doktè pou Sante UF
 Doktè UF Jacksonville
 Sant Syans Sante Invèsite Florid Jacksonville
 Doktè pou Fanm nan Jacksonville

Yo ankourage pasyan yo ak fanmi yo kontakte biwo founisè a paske yo kapab ofri asistans finansye ak swen nan yon pri rabè.

Gid pou Kalifye pou Asistans Ekonomik

Pou detèmine si w kalifye pou asistans ekonomik, Baptist Health konsidere konbyen lajan fanmi ou resevwa chak ane, konbyen moun ki nan fanmi ou, ak ki kalite lòt resous finansye kay ou a ka genyen ("byen ki pa deklare"). Nou konpare enfòmasyon ou ba nou an ak Gid Federal Povrete Aktyèl la (FPG). Tablo anba a se gid jeneral la:

Kantite moun ki nan kay la	Swen san peye nèt (swen gratis) kapab disponib si revni anyèl fanmi ou se:	Swen san peye an pati oswa rediksyon nan pri a kapab disponib si revni anyèl fanmi ou se:
	<i>Pi ba pase 200% FPG 2020 an (FPG:Gid Federal Povrete pou 2020 an)</i>	<i>200% jiska 400% FPG 2020 an (FPG:Gid Federal Povrete)</i>
1	Pi piti pase \$25,520	\$25,520 jiska \$51,040
2	Pi piti pase \$34,480	\$34,480 jiska \$68,960
3	Pi piti pase \$43,440	\$43,440 jiska \$86,880
4	Pi piti pase \$52,400	\$52,400 jiska \$104,800
5	Pi piti pase \$61,360	\$61,360 jiska \$122,720
6	Pi piti pase \$70,320	\$70,320 jiska \$140,640
7	Pi piti pase \$79,280	\$79,280 jiska \$158,560
8	Pi piti pase \$88,240	\$88,240 jiska \$176,480
Plis pase 8 moun lakay ou	Ajoute \$4,480 pou chak moun anplis	



Batis Jacksonville
Batis Sid
Batis Beaches
Batis Nassau
Batis Clay
Batis Town Center
Batis Nò^o
Batis Oakleaf
Lopital pou Timoun Wolfson
Lopital Batis pou Sante Mantal

Aplikasyon pou Asistans Finansye pou Sèvis Lopital

Dat:	Kont:
------	-------

Enfòmasyon Pasyan	Enfòmasyon Moun ki bay Referans la (si li diferan de paysan an)
Non:	Non:
Ri:	Ri:
Vil:	Vil:
Eta:	Kòd Postal:
Telefòn Lakay:	Telefòn Lakay:
Telefòn Travay:	Telefòn Travay:
Dat Nesans:	Dat Nesans:
# Sekirite Sosyal:	# Sekirite Sosyal:
Estati Matrimonyal	Estati Matrimonyal

Mete enfomasyon pou pwòp tèt ou, konjen, timoun depandan ki poko gen 18 lane k ap viv nan kay la ak elèv depandan ki ale lekòl a plen tan ki poko gen 25 lane

Travay /Istwa Revni

Fè lis travay ak lòt sous/montan salè chak semèn pou douz (12) mwa ki sot pase yo pou tout manm fanmi an

Lòt Istwa Revni

Fè lis tout lòt sous salè chak mwa pou douz (12) mwa ki sot pase yo pou tout manm fanmi an

Lòt Revni Pa Mwa	Non Manm Fanmi an	De	A	Total
Sekirite Sosyal				
Revni Envestisman				
Pansyon				
SSI (Revni Sosyal Sekirite)				
Chomaj				
Dedomajman Aksidan				
Pansyon Alimantè				
TANF Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite				
Benefis pou Veteran				
Lwaye sou Pwopriyete				
Rant sou Asirans				
Sipò pou Timoun				
Revni sou Enterè				
Lòt				
Total Lòt Revni				
Gran Total Salè ak Lòt Revni				

Byen

Lajan Kach, Ekonomi, Kont Labank	\$
Sètifikasi Depo	\$
Bon Ekonomi U.S. , Bon Trezò U.S.	\$
Aksyon, Fon Mityèl, Fon Fidisyè	\$
Revni apre Retrèt (401K, 403K, IRA's)	\$
Èske w gen lòt kay/pwopriyete apre rezidans prensipal ou:	\$
Wi Non	(Valè Aktyèl sou Mache a)
Adrès lòt kay/pwopriyete	
Kantite Byen	\$

Mwen otorize konjwen mwen ak/oswa patwon mwen gen kounye a ak sa mwen te travay pou yo nan pase pou divilge enfòmasyon sou travay ak enfòmasyon sou salè bay Sistèm Baptist Health. Mwen sètifye enfòmasyon sou aplikasyon sa a pou Asistans Finansye a vre epi kòrèk dapre tout sa mwen konnen. Sistèm Baptist Health, selon jan li vle (nan diskresyon li), kapab mande pou prèv revni pou valide kalifikasyon pou swen charite a.

Mwen otorize Baptist Health pou jwenn yon rapò sou kredi mwen pou ede nan evalyasyon aplikasyon asistans finansye mwen an.

Dapre Seksyon 817.50 nan Lwa Florid la, bay fo enfòmasyon pou detounen yon lopital nan objektif pou jwenn byen oswa sèvis se yon deli nan nivo dezyèm degre.

Applikan/Moun ki bay _____ Dat: _____
Referans la:

Temwen: _____ Dat: _____

Reprezantan Lopital la: _____ Dat: _____

Pou Lopital la Fè Verifikasyon sou Salè yo

Anplwayè:	Verifikasyon Salè:
Reprezantan Konpayi:	Siyati Anplwaye:

Kalkil pou santaj AGB Baptist Health pandan Ane Fiskal 2021-2022 an

Yo p ap jam chaje yon moun ki kalifye pou pwogram asistans finansye a plis pase 19% nan chaj total lopital la pou swen medikal ki nesesè. Sa gen ladan li swen pou pasyan ki entèn ak swen pou pasyan ekstèn. 19% se pou santaj an mwayèn asirans Medicare ki peye pou chak sèvis yo ak asirans sante komèsyal yo ranbouse Baptist Health.

Pou rive nan règ 19% sa a, nou sèvi ak metòd angle ki rele "look-back" la . Nou ajoute tout reklamasyon asirans Medicare ki peye pou chak sèvis ak konpayi asirans sante komèsyal yo peye nou pandan yon peryòd 12 mwa pou swen medikal ki nesesè yo. Nou divize kantite lajan sa a pa tout total chaj yo pou reklamasyon sa yo. Montan nou jwenn nan rele Kantite Lajan an Jeneral ki Faktire oswa "AGB". Reklamasyon nou revize yo se sa ki te peye epi ki pa dwe nan peryòd 12 mwa sa a. Si yon reklamasyon pat fin peye nan dènye jou peryòd 12 mwa a, nou pa konte reklamasyon sa a nan total la. Reklamasyon yo konte sèlman lè yo peye. Yo pral mete AGB a ajou chak ane nan 120 jou apati dènye jou ki rantre nan kalkil yo pou ane anvan an.

Lè n ap kalkile pou santaj AGB a (AGB%), nou enkli tout kantite lajan yon konpayi asirans otorize. Sa vle di kantite lajan konpayi an peye plis kantite lajan pasyan an peye. Responsabilite yon pasyan kapab enkli ko-peman, ko-asirans, ak lajan yo bay anba a (dediktib). Konsènan kantite lajan nou konte pou peman pasyan an, li pa gen rapò ak si wi ou non tout chaj pou sévis la te peye nan moman an. Nou pa okipe tou si te gen yon rabè ki te aplike nan bòdwo pasyan an. AGB a divize pa chaj global pasyan yo pou tout reklamasyon sou yon peryòd 12 mwa Medicare ak konpayi asirans swen sante komèsyal yo te peye.

Finalman, pou santaj yo itilize pou tout lopital ak klinik ijans yo se randman ki pi ba nan kat lopital yo. Yo bay pasyan yo ki peye ak kòb nan pòch yo yon rabè egal a diferans pou santaj AGB a, si n ap gade egzanp lan ki pi wo a, se 81%.